Ассаламу гІалайкум

# ЦІумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 4 сентябрь Рузман №41 (7638) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## ЦIалул цIияб соналъ цIиял бергьенлъаби нужее, цIалдохъаби!

### Баркула 1 сентябралъул байрам - Лъаялъул къо



Къади Абакаровасул цIаралда бугеб Агъвали гимназиялда тIоцебесеб цIурмил байрам

Исана дунялалдаго тIибитIараб коронавирусалъул унти бахиялдаса цIуна-къай гьабулаго, халалъана цIалдохъабазул каникулал.

Нилъер районалдаги гIуцIун букIана гьоркьоб манзил цIунараб цIали. Гьединлъидал лъималазе рес щвечIо, партабазда нахъа гIодор чIун лъай босизе. Абизе бегьила, цIалдохъаби урхъун рукIанин, цIидасан школалде ине, дарсазухъ гIенеккизе, гьудулзабигун ва учительзабигун дандчIвазе.

Цересел соназ гIадин гIатIидго тIобитIизе рес щвечIониги, цIияб цIалул соналъул байрам рагьана Агъвали гимназиялда. БукIана рохалилаб ахIвал-хIал. КъачIа-кIатIан тIугьдузул квацIабигун рачIана школалде гьитIичал-тIоцебесеб классалда цIализесел лъимал. Гьединго байрамалда гIахьаллъизе рес щвана ичIабилеб ва анцIила цоабилеб классазул цIалдохъабазе.

ЦIалул цIияб сон байбихьиялъул байрамалда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиев, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьарунов ва умумузул комиталъул председатель Шамил Бадрудинов. Байрам рагьарав Агъвали гимназиялъул гIуцIарухъан МухIамад МухIамадовас рагIи кьуна гьелъул директор Шамил Абакаровасе.

-Хириял цIалдохъаби, хIурматиял мугIалимзаби ва умумул. Баркула нужеда цIияб цIалул сон ва гьарула цIалулъ ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

Исана тIоцебесеб классалъул нуцIби рагьулел гьитIичазе жакъасеб къо ккола хасаблъун, кидаго жидер гIумруялъулъ ракIалда чIолеблъун. Дида ккола хадубккун нилъер кидаго школалда дарсазде хьвадун гьабулеб цIали букIинин.

Байрам баркун кIалъазе вахъарав МухIамадрасул Гагиевас баркана цIалдохъабазда, мугIалимзабазда ва эбел-инсуда цIияб цIалул сон.

-Араб цIалул сон букIана мугIалимзабазе ва цIалдохъабазе бигьаяб гуреблъун. Бугониги жидерго хIалтIи гьез ахиралде щвезегIан бачана. ЦIалулъ хIалтIизаруна лъай босизе къваригIунел хасал къагIидаби. Гьарула нужее халатаб гIумру, талихI ва икъбал,-ян абуна гьес.

Къабуна тIоцебесеб цIумур. Хадубго букIана школалъул лъималазул церерахъин. Баракатаб ва рохалилаб батаги цIалул цIияб сон, тавпикъ кьеги мугIалимзабазе лъималазе тарбия ва лъай кьезе.

Ралел бакIазде сапар

# Школалъул коллективгун дандчIвай



Районалъул бетIер Анвар-хIажи Вечедов щвана Гьигьалъ 120 цIалдохъанасе хIисаб коллективалда цIалул сон бай-бихьи, баркала загьир гьабуна цIали гьоркьоб кьотIичIого разе. Проекталда рекъон, гьеб букIине буго лъайкьеялъул стандартазул тIалабалги цIу-нараб типалъулаб школа.

Школа балаго ккана бихьи-забураб болжалалдаса нахъе ккеялъул хIужаби. Жакъа кьоялде щвезегIан биччараб гIарац мурадалде балагьизабун, харж гьабун буго, бугониги, руго гIарцул рахъалъ цо-цо квекIенал, амма гьелда балагьун течIого, хIалтIаби тIадран унел руго. ГьоркьоркьотIизе течIого хIалтIи гьабуралъухъ хIалтIухъабазе баркала загьир гьабуна.

ХIалтIи иналъул халгьа-биялъул хIасил бачунаго, АнвархIажи Вечедовас пед-коллективалъулгун букIараб дандчIваялда тIадчIей гьабуна гьанжезаманалъул тIалабалги цIунараб лъайкьеялъул идараби рай ва цIалул даража борхи



гьабураб школа баялъул хIал-тIул ин халгьабизе. Гьелъ рес кьезе буго гьабсагIат кIиго сменаялда хIалтIулеб школа цо сменаялъулалде бачине.

ЦIияб школа базе байби-хьидал, басрияб цIулал школа биххана ва гьединлъидал цIа-лул цIияб сон цIалдохъабаз байбихьана кIитIалаяб мад-расалда. Гьениб цIалуе шартIал чIезарун руго минаялъубгун гьеб сверухъги. Районалъул бетIерас баркана гьигьалъдерил цIалдохъабаздагун школалъул букIиналъе гьабураб хIалтIухъ ва гьарана цIалулъгун хIалтIулъ бергьенлъаби.

Цадахъ заместитель ГIаб-дулмажид Расуловгун Анвар-хIажи Вечедов щвана школа балеб байданалде, гара-чIвари гьабуна прорабасулгун ва хIал-тIухъабазулгун. Объекталда хIалтIаби тIадран унел руго, монолит тIеялъул хIалтIаби рагIалде щун руго, гIураб кьадаралда хIажатаб тIагIел-алат буго ва байбихьизехьин буго кирпич сокIкIун кьадал кколин республикаялъул нух-маъиялъ жинде аслияб кIвар буссинабураб приоритетилан.

Гьебго кьоялъ АнвархIажи Вечедов щвана Гьадири рос-дал школалде ва дандчIвана школалъул коллективгун, лъай-хъвай гьабуна цIалулгун тарбиякьеялъул процессалъул-гун. Гьенибго гьез хал гьабуна росдал лъималазул ахалъулгун ФАПалъул хIалтIулги.

**ГI. Малачдибиров**

# Лъимал школалде хIадуризин

31 августалда райадминистрациялъул залалда тIобитIана рес гьечIел, гIемерал лъимал ругел ва эбел-эмен гьечIого хутIарал хъизамаздаса лъимал школалде хIадуриялъе квербакъиялъул тадбир.

Дандельиялда гIахьаллъана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов, районалъул имамзабазул Советалъул председатель ХIабиб МухIамадов, «Инсан» фондалъул районалда вугев вакил ИсмагIил МухIамадов, халкъ социалияб рахъалъ цIуниялъул Управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Заурбег ЖахIпаров, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб Централъул директорасул заместитель Зайнаб ГIабдулмуслимова, районалъул руччабазул Советалъул председатель Асият Ибрагьимова.



Тадбир рагьулаго, АнвархIажи Вечедовас лъималазда ва улбузда баркана цIалул цIияб сон, гьарана лъималазе цIалулъ бергьенлъаби, эбел-нсуе сахлъи, тарбия кьеялъулъ сабру.

Баркиялъул кIалъай гьабурав ХIабиб МухIамадовас саламги кьолаго, абуна:

-Гьале тIаде щолеб буго цIияб цIалул сон. Гьелде хIадурлъизе, гIун бачIунеб гIелалъе лъай щвезе кваригIунеб кьайи-алат босизе квербакъана сахаватал чагIаз. Аллагьас гьенир гIахьаллъаразул садакъа аза-азарил даражаялде бахинабун, кири кIодо гьабеги, хадубккунги гьединал сайигьатал гьаризе кумек-квербакъи камугеги ва тавпикъ кьеги. Эбел-инсуцаги лъималазул цIалиялда тIадчIей гьабизе ккела. Нилъеда тIадаб буго лъималазе тарбия кьезе, гьел руго Аллагьас нилъее кьураб аманат. Диналда бецараб буго шаргIалъул букIа, рухIияб букIа лъай тIалаб гьаби.

Гьеб гьечIони, нилъер цебетIей букIунаро. Гьарула рохалилаб гуреб кьо бихьунгутIи, балагьаздаса цIуни.

Баркиялъул кIалъаял гьарулаго Асият Ибрагьимовалъ, Заурбег ЖахIпаровас, ИсмагIил МухIамадовас ва Зайнаб ГIаб-дулмуслимовалъ кIвар бугеблъун бихьизабуна, улкаялъе хIажатал, бажари бугел специалистал рахъине ккани, цIалдохъабаз гьваридаб лъай тIалаб гьабизе ккей.

Тадбиралъул ахиралда цIалдохъабазе сайгъат гьаруна тетра-дал-къаламаз цIезарурал портфелал. Гьез ва мугIалимзабаз баркала загьир гьабуна сонайил жидее тIобитIулеб рохалил тадбиралъухъ ва сайгъатазухъ.

**Заур Бадрудинов**

Миллиял проектал - гIумруялде

# ТIиндадерил лъималазе сайгъат



3 сентябралда -ТIинди тIобитIана, «Дир Дагъис-тан-шагьаралъул санагIатал шартIал» абураб программаялда рекъон хIухьбахъиялъул парк ва лъималазул байдан ра-гьиялъул рохалилаб дандельи. Гьел объектал рана федералияб бюджеталдаса гIарацги харж гьабун, гьединго хIалтIухъ гIарцудалъун гIахьаллъи гьабуна «ТIинди» СПКялъул директор ХIажимухIамад МухIамадовас. Дандельиялда гIахьаллъана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIисаев, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьарунов, райадминистрациялъул маданияталъул хIалтIухъаби, байбихьул школалъул мугIалимзаби ва цIалдохъаби. Байрам баркиялъул кIалъай гьабуна районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас.

-Гьаб программаялъул аслияб мурад ккола росабалъ гIумру гьабун ругел гIадамазе хIухьбахъиялъул санагIатал шартIал гIуцIи. Программа ккола Дагъистаналъул бетIер Владимир Васильевасул жигараб байбихьиялдалъун гIуцIараб. Баркала гьеб хIалтIулъ гIахьаллъаразе, кумек гьабурал спонсоразе.

Байрамалъул ахиралда гьитIичаз лъималазул площадкаялда качелабазда ва каруселазда жидеего бакI балагьун расандизе журана. Лъималазул гьурмазда бугеб гьимиялъ би-



хьизабулеб букIана гьезул рохалие гIурхьи гьечIеблъи.

**Заур Бадрудинов**

# ЦIалул соналъул ва дистанционнияб лъайкьеялъул пикрабазда

ГIемераб жо бихьизе хъван букIун буго гIаданинсанасда гьаб «цоцада релълъараб, цинги батIи-батIияб» 2020 соналда жаниб. Бицун чи божулареб, хIикматаб, рекIел бакъвайгун рухIел гIемераб, хвелхобалъул пикраби гIемер гьаризе тIамураб, радал щибдай рагIилаян кьижизе рахунеб, къасиялде щибдай ккелебан захIматал пикрабалъ къоял унеб, абухъего, «къаси боснов вегарав, радал тIад вахъинадай, радал къватIиве арав, къаси рокъове щвеладайян» рагъулаб фронталдасан рачIунел баяназухъ гIадин, щибаб къойил рагIулел пашманал харбазухъ гIенеккун исанасеб ихгун рии нилъер ине хъвараб букIун бугоха гьеб. Щиб гьабилеб Аллагьасул х1укмуялъе, нилъеда бихьизе хъвараб чияда бихьиларо, бихьараб хIехьезе сабругун къуват кьеян БетIергьанасда гьарделел рукIани гурони.

ГIемер бицен жиндир гьабураб, щивасул рек1елъ квешаб асар тараб, бицун божичIесда бихьун лъалин абун, тIоцебе дидасанго байбихьун, жинца квегъичIев чи къанагIатги хутIичIеб, щивасул кIалдиб ругьунлъараб COVID-19 бицинаро, гьелда хурхун ккарал хисабасиязул пикраби къалмиде росизе хIаракат бахъараб гьитIинабго макъала бугониги.

ХъинтIана гьеб байтулман цIали-лъаялдаги, гIемеразда лъана манзилалъулаб (дистанционнияб) лъайкьей щиб жояли.

Апрелалъул байбихьудаго лъугIана 2019-2020 цIалул сон, халалъана каникулал, чанги къо бихьана цIалул цIиял къагIидабазде ругьунлъулаго цIалдохъабаздагун умумузда ва мугIалимзабазда. Макьу тараб чан сордо борчIун батилеб лъабгоги ункъоги лъимер бугел улбуз муг1алимзабаз рокъобе хIалтIи бачIинегIан чIун, гьеб лъималазда малъулаго. Чан хъизаналъе къварилъи букIараб цо телефоналдасан хIалтIизе ккун, киназулгойищ рес букIунеб планшеталгун компьютерал росизе?

Квешги лъикIги лъугIана цIалул сон, тарихалде ана гьеб дистанционнияб лъайкьеялъул сонлъун, цоял рахъана студенталлъун, цогидал цIидасанги тIадруссана жидерго школазде. ГIемер хабар ккана цIалул сонги дистанционнияб къагIидаялъ тIобитIулеб бугин, гьанжеги карантин лъазабулеб бугин абун, цIалулъ цIи-цIиял къагIидаби раккулел рагIулин. «РагIулин, бицунеб бугин» ва гьезда релълъарал цогидалги «сарафаналъулаб» радиоялъулгун социалиял гьиназдаса кьолел кьучI гьечIел батIи-батIиял харбал рагIидал, цоцо мехалъ ракIалдецин ккола раккунцин рукIинчIелани щибха гьал телефоналгун Интернет-бухьен абун халкъалъул бетIер сверизабизе, ургъел ц1икIкIинабизе.

«Буго, гьечIо» бицуна-толаго ана рииги, тIаде щвана киналго жинда урхъараб, рииялъги жинде цIалдохъаби, хасго байбихьул классазул, хIадурлъулел рукIараб Лъаялъул къо. Лъаларо, щал гьелдаса цIикIкIун рохарал, цIалдохъабигун мугIалимзабийищ, умумулищ, яги рохалил асаргойищ букIинчIеб, жинда релълъарал цIалул цогидал къоялго гIадин араб гьелдаса.

Дирго гIагараб Агъвали школагун цадахъ гIахьал гьабулаан дицаги сонайил цIалул сон байбихьиялъулгун лъугIиялъул рохел, амма исана…Исана щаялиго бокьичIо пашманлъи гьелгун гIахьал гьабизе… ЧIобоголъун бихьана дида Агъвали гимназиялъул гIуцIарухъан, гIумруго гьелъие кьуравин абизе бегьулев хирияв дир даци, школалъул тIолго коллективги живги цIадирабазда лъуни, гIуцIарухъанлъиялъул гуребги, лъайгун тарбия кьеялъул рахъалъги жиндир цIайи цIикIкIунев инсан вукIанин школалъе чара гьечIого хIажативин киназго абулев МухIамаддибир Зубаиров гьечIого тIобитIулеб тадбир. Гимназиялъул коллективалда мекъи бихьизе абулеб хабарги, гьезие квешаб къимат кьолеб мех гуро, дирго рекIел бухIиги, «он-лайн» лъайкьеялда хурхун пикруги загьир гьабулей чIужу йиго. Баркала гимназиялъулазе гьесул гьабураб къадру-къиматалъухъ…Кинниги, рохалил къоялъ пашманлъи дагьаб нахъегIан тела. ТIоцересел, ичIабилел ва анцIила цоабилел классазе тIобитIана гьоркьоб манзилги цIунун, бокьарас ххун маскабигун (гьеб ххезе тIадаб гьечIо цIиял нормабазда рекъон), тIоцебесеб цIурмил байрам районалъул школазда, санитарияб цIуна-къаялъулал тадбиралгун цадахъ тамахаб хIадурлъиги гьелдеги гьабун.

Коронавирус цIидасанги тIибитIулеб букIин хIисабалдеги босун, Роспотребнадзоралъ тасдикъ гьаруна лъай кьеялъул идарабазда санитариял цIиял тIалабал.

Киназдаго ракIалде щолеб батила гьеб къоялъ жидерго цIалул соналгун мугIалимзаби, классцоял. РакIалде щвана дидаги дунго цIаларал 1979-1990 сонал, дирго мугIалимзабигун школа. Гучаб СССР биххидал, биххараб низамалъулги, гьелдаго гъорлъ лъайкьеялъулги, бицун пайда щиб?!

Бищун йокьулей классалъул нухмалъулей, жиндир бадисан нижее бакъ гьимулеб бугин кколей ПатIимат Шамхаловалъул дарсазде рокьи ккарал нижер классалъул кIиго-лъабгоял рахъана филологаллъун. Дунго мугIалимлъун дица рикIкIунаро, унго-унгоял мугIалимзабазде яхине ккани, дие гIемераб хIалбихьиги, макьу тарал сардалгун хIалхьи лъаларел къоял хIажалъила. Амма нижер заманалда метерисеб къо, жакъаго гIадин, Аллагьасул кверщаликь бугониги, дагьабгIаги хIукуматалдагун тIалъиялдаги ракIчIараб букIана. Жакъа школалде унел дирго вацазул лъимал рихьидал, бичIчIи гьечIеб гьезул рохалида цадахъ пашманлъиги рещтIана щибдай гьазда бихьилебан. Кинаблъун букIинеб лъаялъул ханлъиялде гьез тIоцересел галаби чIараб цIалул сон: каникулал халалъараб араб гIадинабищ яги гIадатияб, щибаб четверталъ хIасилал рачунебищ, унтуца нахъойги гIадамал кIвекIарабищ



яги сах-саламат кинацаго, чи гьоркьосан камичIого, рохалида нухда регIулебищ? Кин гьез цIияб программа лъазабилеб, захIмалъилищ гьезие гьеб? ГIелищ сабру цIалдохъабазулгун мугIалимзабазул, гьел тIадал ругин щивав цIалдохъан гьесул гIамал-хасиятгун цадахъ вокьизе, гьел ратIа гьарунгутIизе абулел гIемерал ругониги. Харжазухъ балагьидал, гIемерисез школалда хIалтIи толеб буго. Щибаб соналъ ралел цIи-цIиял школал руго, дагьлъулеб къадар цIалдохъабазул буго. Жиндилъ гIахьаллъун, дирго лъаялъул хал гьабизе пикру ккараб «Земский учитель» программаялда рекъон миллион гъурущ гIарцул щвезелъун гIагарал росабалъ хIалтIизе рачIарал ва чидар районазде арал гIолохъанал мугIалимзабазулги (мекъи ккезе цIакъ бокьилаан) кидадай гьаб щуго сон инаян букIинин аслияб пикруян кIетIола ракI. Компьютералда хIалтIи дагьа-макъабго лъалин йикIуней дидагоцин гIадлъун рихьула он-лайн дарсал. ГьитIичазул -батIи-батIиял хIаязде, чIахIиязулинстаграммаздегун ватсапазде буссараб пикруялъул гIел, кин ботIролъе инарилел цIалдохъабазде дарсалгун лъай?! Хадубккун замана жеги лъикIаб бачIиналда божи-хьул лъуниги, гьелде рачIинегIан къояз кьураб он-лайн лъай гIелебдай дир гьитIичазе? Дуца цIунеха, БетIергьан Аллагь, карантиналда гIаламго чIезарулел батIулал унтабаздаса. Амин. Кин гьабилеб гьезие кумек, сабру гьечIеб, ццин хехаб гIелалда щиб абилеб, хасго мугIалимасул рахъги ккун, (нижер заманалда гIадин), жидерго лъималазда битIараб рагIи абизе кколел умумул, килищ кIутIунни киса гурин, рагIицин гьезда абун бегьизабиларин жал чIарал…Гьезие жидер лъималазул цIалиялъул ургъелго батиларин ккола цоцо мехалъ, цогидазулъ къец бан гьел ретIа-къазари ва багьаял телефоназдалъун хьезари гуреб. Гьебго абила цIалдохъабазул рахъалъги. Школалда аскIоб инсул мина букIиналъ, дида рихьула дарсил заманалдаги рагьда гIодорчIун социалиял гьиназдеги руссун харбида рукIунел гьел. Чанги нухалъ дицаги гьикъараб гьезда дарсалгойищ нужер рукIунарелан, амма гьел цо рокьукъго гIадин дихъги ралагьун, сихIкъотIун, нахъойги телефоназде руссуна.

Щибха нилъеца гьабизе кколеб цIалуде гъира лъималазул базабизе? Жиндир дарсил лъикIал хIасилал рукIине бокьуларел мугIалимзаби рукIунаро. МугIалимасда барабги гIемераб букIунелъулха. Гьев кколаро цохIо дарсги кьун, довехун къан чIолев чи. Гьев ккола ракI-ракIалъ цIалдохъабаз къабул гьавулев, жиндирго лъай гьезиеги кьолев, гьезда цадахъ щибаб къойил живгоги цIалулев, жинцаги лъай тIалаб гьабулев, дарс лъачIилан цIалдохъанасда жиндирго ццидал гIомо бецIизабичIого, гьесул ракI батулеб недегьаб хабар бицун, жиндирго бажариялде гьев гьесизавулев, щивасул хасияталда рекъон, гьезул ракIазулъе нух батулев, адабхIурмат гьабулев, иш щвалде щун лъалев инсан. Йохарай йиго дир гьитIичазул унго-унгоял МугIалимзаби рукIиналдаса. Дида гьел релълъуна жидедаса мисал босизе цо заманалда дицаги хIаракат бахъулеб букIарал, жакъаги кьерда ругел, БетIергьанасго мугIалимлъиялъе рижарал дир тIоцеесей мугIалим ПатIимат МухIамадовналдагун чIахIиял классазда нухмалъулей ПатIимат ГIабдулаевналда.

Щибха нилъеца, жакъасеб заманаялъ, гьезие кьелеб? Щиб бугеб нилъер гьезие кьезе, цохIо киназулго кIалдиб ругьунаб карантиналъулгун covid-19 бицен гуреб? Жавабал щоларел, хIалхьи рекIее толарел суалазул халатаб читIир…Гуро! Руго жавабалги…

Нилъер руго МугIалимзаби, ракIаз тIаса бищараб махщалие жал хилиплъичIел, нилъер руго лъебергокIикъого соналъ цере нилъ рукIаралдаса таманаб пикрупагьму цIикIкIарал, гаджетазул гIасруялъул, жидеца нилъеда чанги жо малъизе, бихьизабизе хIадурал, пагьмуял, риччан тани сардалги къоялги телефоназдагун компьютеразда нахъе инабулел, нилъ гьечIелъуб кидаго лъикI букIунин абухъе, гьенире жанирееги ракун, «дуниял тирулел ва нилъеда тиризабизе» хIадурал лъимал. Лъималазда нилъеца малъулеб гIадатияб цIали-хъвай, гьез нилъеда малъулеб виртуалияб дуниял. Школа ккола лъималазул гIумру, ичIгоги анцIила цо сонги жидеца бахъизесеб кIиабилеб рукъ. Гьеб рукълъун букIин гьезда бичIчIизабизе нилъерги сабруги, яхIги, дагьабниги лъайги гIуни, нилъер заманалда гIадин, школалдаса рокъоре рачIине бокьуларого рукIина гьел. ЦIалигун лъай кибего баккараб гIурччинаб канлъилъун букIин гьезда бичIчIизабизе гIакъиллъи нилъерги гIуни, босизе гьезги хIаракат бахъани, квеш бук1инаро. Канлъи кколелъулха инсанасе чара гьечIеб хIажалъи. Гьеб бичIчIараз цIали лъугIун, школа тун унеб къоялъ рохелги пашманлъиги жубараб магIу тIеялда щаклъи гьечIо. Гьелде щвезегIанги «щиб къимат щвараб, дарсал гьарунищ?» абурал гIадатал суалал кьечIого, гьезда цадахъ лъугьун цIали такрар гьабуни, щибха жакъа цIияб жо лъарабан гьикъун, бицизе, жиндирго пикру загьир гьабизе риччани, гьезул ургъелалги рохелалги гIахьал гьаруни, дида ккола цIалуде гъира жеги цIикIкIинин, гьелъул даража борхилин абун. Нилъер заманалда рукIарал хъахIилал дневникалгун гIадатиял тетрадалги ракIалде щвезарун, жакъа гьезие ругел кьер-кьерал, азарбатIиял тIахьазулгун тетрадазул, цIализе ресалшартIазул бицун дагьабго экскурс гьабизеги бегьила лъималазе рокъоб, кигIанго жиб чара къосиналъ рачараб иш бугониги, он-лайн дарсал щиб жоялицин лъаларел нилъ рукIанин абуни, дагьаб кепищха гьезие кьелеб, тIубараб школалъего цо-кIиго компьютер гурони гьечIого гIураб нилъер гIелалъул. Дандекквеялъулъги жиндирго хаслъи бугелъул, гъурщил гурони ургъел гьечIеб гьаб заманалда, гьитIичаз пикру гьабизе батила техникияб рахъалъ ккун бугеб цебетIеялъул.

Рахъ-рахъазде рикьун, пикраби кканиги, темаялдаса кьуричIин ккола. Бокьун буго гьаризе нилъер цIалдохъабазе, хасго гьитIичазе кинабго лъикIабщинаб: ракълилаб зоб, сахаб, талихIаб гIумру, ургъел-балагьал рикIкIалъи, цIалуе пагьму, лъай щвезелъун щибаб къойил кьолел суалал камунгутIи. Камуге абе гьезда аскIосан кидаго гьел рокьулел чIахIиял-умумул ва мугIалимзаби, ракI-ракIалъ гьел рокьулел, гьезул гIамал-хасият, щивасул хаслъи къабул гьабун, ахIи барабго аскIор эхетун, хIалае чIезе хIадурал.

ТIадехун абуна нилъер ругин МугIалимзабиян. Жакъасеб къоялъул багьадурзаби гьел ругин абуни мекъи ккеларо, къиматги къадруги мугIалимасул хIалтIул къойидасан къойиде хваниги, ракIалъ тIаса бищараб махщел гьез хисичIо, дандчIвалел захIмалъабазе къуркьичIо. Школа тун, нахъе инегIан, лъебергоги кIикъоги ва цIикIкIунги соназ гьел жалго руго цIалдохъаби-нилъер лъималазе лъай кьолаго, цадахъ жалги цIалулел. Гьезул гIумрудул ахIиги сонисеб къоялъулъ цIале, гIумру жакъасеб къоялъулъ гьабе, метерисеб къоялде божи-хьул тIагIугеян букIунеб батилин тола, щибаб дарсиде хIадурлъулаго.

ЦIалул сонги баркулаго, бокьун буго гьезие гьаризе хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, лъаялде гъира бугел, пагьмуял цIалдохъаби, гьабулеб хIалтIи ракIгъун цебехун бачине чармилаб сабру, къохIехьей, гIодорериччай, жигарчилъи, щулияб сахлъи, халатаб, талихIаб гIумру, творческиял цIилъаби.

Кинаб цебетIей бугониги, чIагояб гара-чIвари сунцаго хисуларо, хисуге абе Аллагьас гIадатияб цIали дистанционниялде. Ккоге абе нилъ, Роспотребнадзоралъ бихьизабухъе, щибалъул хаслъиги санагIалъиги бихьа-бичIчIичIого, цого кабинеталда киналго дарсал кьезе, школалъул дандеруссинал тIоритIичIого тезе, кружокал тIоритIунгутIизе, эпидемияб ахIвал-хIал хIалуцун, рикIкIадасан цIали гIуцIиялъе ресал ратизе.

Сахлъи, рекIел мурадал тIурай ва гвангъараб нух нужее, хириял цIалдохъабигун мугIалимзаби.

ХIалаккинги, ракIбакъвайги араб соналдаги тун, кьварун галаби росизе ккела цIалул сональги нилъецаги цадахъ, киналгIаги карантинал хIажат гьечIин нилъееян абуледухъ.

**Хадижат Залимханова**

## Колонка прокурора

### Алгоритм действий участкового при получении жалобы от гражданина

Получив жалобу непосредственно от граждан, участковый уполномоченный полиции регистрирует ее в журнале учета приема граждан, их обращений и заявлений.

При обнаружении в ходе проверки обращения признаков преступления, участковый уполномоченный полиции составляет рапорт на имя начальника территориального органа внутренних дел. Затем он должен сообщить об этом в дежурную часть доступным видом связи для регистрации поступившей информации.

При отсутствии по объективным причинам возможности сообщить в дежурную часть информацию о принятом заявлении, участковый передает ее лично в дежурную часть территориального органа внутренних дел.

Если же в ходе приема поступило устное заявление о преступлении, составляется протокол принятия устного заявления о преступлении.

Все документы (сообщение о преступлении, протокол принятия устного заявления о преступлении, заявление о явке с повинной, протокол явки с повинной, рапорт об обнаружении признаков преступления) оформляются согласно требованиям Уголовно-процессуального кодекса РФ.

В частности, заявитель предупреждается об уголовной ответственности за заведомо ложный донос по ст. 306 УК РФ. Об этом на документе делается отметка, удостоверяемая подписью заявителя.

**Ильяс Вакилов**, прокурор района

## Учитель английского языка

Древняя мудрость гласит «Велик тот учитель, который исполняет дело, чему учит, владеет всеми секретами своей профессии, потому что добросовестно и успешно проходит все ее ступени». Магомедова Мудрикат Саидовна, учитель английского языка Нижнеинхокваринской школы-талантливый педагог, прекрасный человек. Обобщает ценнейший опыт своих старших коллег и свой собственный, изучает достижения педагогической науки, так как учителю необходимо идти в ногу со временем, а времена так быстро меняются.



Принцип ее работы - осторожно и бережно помочь юному дарованию раскрыться, вселить в него уверенность, дать почувствовать свою самоценность. Мудрикат Саидовна заботливо следит за развитием каждого ребенка, исходя из индивидуальных особенностей, воспитывает наблюдательность, умение самостоятельно работать. Уроки строятся так, что все невольно становятся участниками диалогов, виртуальных экскурсий и т.д.

В Нижнеинхокваринской школе проводятся открытые уроки, внеклассные мероприятия по английскому языку. В районном этапе конкурса «Учитель года -2020» Мудрикат Саидовна заняла второе место.

Хочется пожелать Мудрикат Саидовне и всему коллективу Нижнеинхокваринской школы крепкого здоровья и терпения, отваги перед непростыми задачами, поддержки друзей и коллег и благодарных учеников.

Пусть сентябрь и весь год принесет вам новые надежды и мечты, поможет получать новые знания и успешно провести еще один учебный год.

**П.Муртазалиева,** методист управления образования района

## Газпром

### Онлайн - оплата газа

В период пандемии легко и безопасно оплатить за газ не выходя из дома с помощью приложений «Мой ГАЗ» и «Сбербанк-онлайн»

Для абонентов, кто ранее не пользовался способом безналичной оплаты за газ, предлагаем оценить преимущества дистанционной оплаты с помощью приложения для смартфонов и планшетов «МойГАЗ», «Сбербанк-онлайн», а также с помощью с компьютера или ноутбука в «Личном кабинете абонента» на сайте поставщика газа ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» www.mkala-mrg.ru.

С помощью дистанционного сервиса потребители газа могут, не выходя из дома, получить информацию по взаиморасчетам, передать показания индивидуального прибора учёта газа (при наличии), а также произвести оплату за газ.

Для удобства регистрации в приложении «МойГаз» предлагается пошаговая инструкция

1. Скачать приложение «МойГАЗ» или открыть «Личный кабинет абонента» на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»;

2. Регистрируемся с помощью адреса личной электронной почты и десятизначного индивидуального номера лицевого счёта, по которому вы оплачиваете за газ;

3. Производим оплату. Для этого вводятся данные банковской карты, с которой вы планируете произвести списание денежных средств за потребленный газ;

4. Для подтверждения платежа вводим одноразовый пароль, который будет прислан платёжной системой на ваш номер телефона.

Многие абоненты беспокоятся об отсутствии бумажной квитанции при совершении электронного платежа. Поэтому добавим:

5. Проверка совершенного платежа и зачисления денежных средств на лицевой счёт абонента. Загляните после произведённых действий и оплаты в свой электронный почтовый ящик и проверьте получение электронного письма с приложением «информации о платеже». Кроме того, банк, через платежную систему которого вы совершили платёж, будет хранить информацию о перечислении денежных средств.

Оставайтесь дома и будьте здоровы!

**Пресс-служба ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

## Опровержение информации

На пятой странице районной газеты «Голос Цумады» от 28 августа 2020 г. №39-40 опубликована информация «Отчеты и выборы» о том, что 19.08.2020 г., в связи с истечением срока полномочий, состоялось организационное заседание Общественной палаты МР «Цумадинский район».

В соответствии с Положением об Общественной палате муниципального района «Цумадинский район» утвержденной решением 11-й сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» шестого созыва от 02.05.2017 г. №6 (в редакции решения от 19.09.2019 г. №4) Палата формируется на срок не более 3 (трех) лет в составе 13 человек.

Согласно пункту 5.5. вышеназванного Положения семь членов Палаты утверждаются постановлением Главы муниципального района, шесть членов Палаты - Собранием депутатов муниципального образования.

На сегодняшний день утверждены лишь семь членов Общественной палаты постановлением Главы муниципального района. Состав палаты в полном обьеме будет формирован после утверждения остальных шести членов решением Собрания депутатов МР «Цумадинский район».

Не понятно, на каком основании Общественная палата проводила заседание 19.08.2020 г., когда на нем присутствовало только 3 члена Палаты, утвержденных постановлением Главы муниципального района, а остальные участвовавщие на заседании еще не утверждены Главой муниципального района.

Кроме того, заседание проводил Гасанов К., на должность Председателя Общественной палаты избран Аюбов М-З. А, которые еще не утверждены как члены палаты ни Постановлением Главы муниципального района, ни решением Собрания депутатов МР "Цумадинский район". На этом же заседании избираются заместителем председателя Палаты Омаров Ш. А. и секретарем Абдусаламова З. А., которые опять-таки еще не утверждены никаким документом.

В связи с этим, информация «Отчеты и выборы», размещенная на странице районной газеты «Голос Цумады» от 28 августа 2020 г. №39-40, недостоверная, поскольку состав Общественной палаты не сформирован в полном составе, и заседание палаты было проведено в нарушение Положения об Общественной палате МР "Цумадинский район".

**М. Исаев,** зам. главы администрации МР "Цумадинский район".

## ГЪАБИХЪ

Чвахулеб лъар къотIун къокъаб нухдасан,
Къокъунев вукIана Къумахколоде,
Гъабил кIалтIе щведал речIчIараб махIалъ,
БорчIизе гьабуна пикрабазул тIел.

Къурдулеб гIентIеро, сверулеб гьобо,
Гьаругьин тIинкIулеб, тIагIамаб урба,
Боркьараб махххул кор, барсулеб цIорок,
Баркаман, богIоллъи, гIумрудул аслу!

Урба ххенолелъул халккун йикIине,
Эбел йиго цадахъ Умайгъанатил,
Дунго лъачIониги, дир кучIдул лъалей,
Лъималазул ахикь ахIдолеб гагу.

Батулил кIерело, кIанцIулел мугьал,
ТIидул, тIохол тургьби иргаяда чIун,
Кверазул гIедерлъи, гIумру аниги,
Багъа-къадаралъул къокьго бицана...

МагIида баралъуб цIалкIу хутIараб,
ЦIулал раса гьечIеб хинкIал рахьизе,
Хурзал лъалъалареб, лъел мухъ билараб,
Лъималаз-магIарул мацI бицунареб...

Дур ахикь куцалей васасул ясалъ,
Умайгъанат лъалин, елъун абуна...

**Зубаиров ГIабдула,** Хуштада росу

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгьара росу Заводалъул кьватI, 4

«Цумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1344
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгоньи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru